


✓ Lè wap bati kay ou chwazi yon teren ki byen plat, ki byen degaje kote dlo paka pote l ale.

✗ PA KONSTWI NAN FALÈZ OSWA SOU MÒN APIK.



✓ KONSTWI KAY LA POU PI PITI 10 MÈT PYE YON FALÈZ E POU PI PITI 10 MÈT DEVAN YON PANT.



✗ PA KONSTWI PRE GWO PYE BWA




✓ KONSTWI KAY LWEN GWO PYE BWA YO. KONSTWI KAY LA PLIS PASE 2 MÈT DISTANS POU PYE BWA KI GEN WOTÈ 2 MÈT



✗ PA KONSTWI BÒ KANAL



✓ KONSTWI POU PI PITI 10 MÈT BÒ KANAL YO



✗ PA KONSTWI PRE LANMÈ




✓ KONSTWI POU PI PITI 50 MÈT BÒ LANMÈ (RIVAJ) E FÒK SÒL FONDASYON KAY LA PI WO PASE NIVO LANMÈ A.



✗ PA KONSTWI AREBÒ RAVIN




✓ KONSTWI POU PI PITI 10 MÈT BÒ RAVIN KI PWOTEJE AK MI KI FÈT AK GABYON, WÒCH OSWA AK BETON.



✗ PA KONSTWI ANBA FIL WOT TANSYON



✓ KONSTWI POU PI PITI 12 MÈT DE FIL WOT TANSYON YO



✗ PA KONSTWI BÒ RIVYÈ



✓ KONSTWI POU PI PITI 10 MÈT BÒ RIVYÈ KI PWOTEJE AK MI KI FÈT AK GABYON, WÒCH OSWA AK BETON.




Anpil fwa **bon mache koute chè**. Byen depanse, achte **bon kalite materyo**. Pito w **konstwi yon kay ki pa twò gwo**, men ou konstwi l byen. **Sèvi ak:**

✓ SAB LARIVYÈ  
KI BYEN LAVE



✓ GRAYE KONKASE KI  
PA DEPASE 25 MILIMÈT  
DYAMÈT



✓ BON KALITE SIMAN  
KI PA VANTE E KI  
BYEN PWOTEJE




✓ DLO PWÒP



✓ BON BÒS KALIFYE  
KI GEN BON JAN  
EKSPERYANS

✓ SÈVI AK  
BLÒK VIBRE




✓ BON WÒCH PLAT  
POU FONDASYON AN



✓ TÒL KI BON KALITE  
KI PA MENS




PA SÈVI AK  
WÒCH RAVÈT




**ATANSYON:** POU VERIFYE KALITE BLÒK YO, LEVE 5 BLÒK  
YOUN APRÈ LÒT WOTÈ 1,20 MÈT KONSA EPI LAGE YO ATÈ  
SOU YON MAKADAM AN BETON. SI 2 OU 3 BLÒK SOU 5  
KRAZE, YO PA BON.

✓ BON BWA  
TRETE




PA SÈVI AK  
BWA KI PA  
TRETE

✓ FÈ ZO REKEN  
NÈF



✓ KLOU  
TÒSADE



Lè ou pran swen kay la, sa fè **li rete djanm e dire pi lontan**. Kidonk pa tann kay la fin depafini nan men w pou **repare l pou pentire l. Se mèt kay ki veve kay !**

**PRAN SWEN KAY LA**

LÈ OU PRAN SWEN KAY LA,  
SA FÈ LI RETE DJANM E  
DIRE PI LONTAN

**TOUJOU VEVE CHAPANT  
TWATI A**

- RANPLASE BWA KI POURI YO
- REKLOURE TÒL KI DEKLOURE YO
- REKLOURE BWA KI DETACHE
- TRETE BWA KI PIKE YO



**PWÒPTE KAY LA**



TOUJOU NETWAYE TÈT KAY LA. PA  
KITE FATRA, LYANN, PLANT MONTE  
SOU MI AK TWATI KAY LA

**PENTIRE KAY LA.**

PA KITE KAY LA FIN DEFRECHI. TOUJOU  
PASE KOUCH PENTI SOU MI YO AK SOU  
BWA CHAPANT LAN, POU L TOUJOU RETE  
BÈL EPI BYEN FRE

**KENBE FÒM KAY  
LA SENP**

PITO W KONSTWI YON KAY  
KI PA TWÒ GWO, MÈ OU  
KONSTWI L BYEN.



Pou yon twati ki kouvri ak tòl kenbe fèm fòk nou respekte prensip sa yo:


## MEN KI JAN POU KLOURE TÒL YO:




KLOURE SOU  
DO KANAL YO

## ALONJMAN TÒL:

1) ALONJMAN KÒT A KÒT  
TOUJOU ALONJE YO SOU 2 KANAL  
POU PI PITI EPI KLOURE CHAK DO  
KANAL YO.



2) ALONJMAN AN LONGÈ  
TOUJOU ALONJE TÒL YO SOU 15  
SANTIMÈT DAPRE SANS TWATI A



AXE

✓ ITILIZE TÒL KI GEN BON  
EPESE EPI KI BYEN KLOURE  
POU L KA REZISTE LÈ GEN  
GWO VAN.


✓ FÈ TÈT KAY LA A 4 PANT  
LAP PI SOLID EPI REZISTAN  
LÈ GEN SIKLÒN AK  
GOUDOUGOUDOU

✓ SEPARÈ TWATI GALRI KAY LA AK TWATI  
PRENSIPAL KAY LA. SI TWATI GALRI A  
SEPARÈ AK TWATI PRENSIPAL KAY LA LAP  
PI DIFISIL POU TÈT KAY LA DETACHE LÈ  
GEN GWO VAN

✓ KONSTWI YON CHAPANT KI  
GEN ASE BWA KI GEN BON  
EPESE, KI BYEN MARE AK  
SANG, FIL A LIGATIRE EPI  
LÒT ELEMAN YO

## ASANBLAJ CHAPANT TWATI :


TOUJOU CHAPANT LAN DWE BYEN MARE ANSANM EPI AK RÈS KAY LA AK, KONTRVANTMAN AN BWA, PYÈS AN FÈ, ZANG  
AK FIL ALIGATI.





Yon kay ki gen **bon fondasyon pa kraze fasil**. Se pou tèt sa fòk nou fè **bon baz** pou kay la :

**MI KAY YO JWE YON GWO WÒL NAN FÒS KAY LA.**


✓ LÈ KWEN KAY YO **PA** BYEN FÈT, YO KA OUVRI FASIL LÈ TÈ A TRANBLE OSWA LÈ GEN GWO VAN. KIDONK FÒK NOU AJOUTE PYÈS NAN ANG YO POU BYEN MARE KWEN YO.



✓ FÒK NOU RANFÒSE YO AK BWA KAP TRAVÈSE YO.




**PA METE** POTO YO NAN TÈ A POU YO PA POURI.



KONSTWI YON BAZ AN BETON OUBYEN AK WÒCH EPI BYEN MARE POTO YO AK BAZ LA. TOUJOU FÈ BON MELANJ MASÒNRI.

✓ **MARE BWA YO KONSA :**



GEN PLIZYÈ FASON POU MARE BWA YO ANSANM : NOU KA AJOUTE PYÈS AN FÈ, OSWA NOU KA FASONNEN BWA YON JAN POU YO KA MARYE YOUN AK LÒT.